

Ki moun ki la brezilyen natiralize?

Se moun sa a ki, malgreli pa fèt nan Brezil, li jwen dwa pou vin sitwayènte brezilyen nan yon fason derive.

Natiralize brezilyen yo pral genyen kounyea dokiman idantite (RG) ak Paspò brezilyen epi yo pral jwi dwa sivil ak politik nan Brezil, ki gen ladan vote epi patisipe nan politik. Jis egzèsis kèk pozisyon ak fonksyon (tankou Prezidan Repiblik la) rezève sèlman pou brezilyen natif.

ATANSYON

Yon timoun ki fèt nan yon lòt peyi, ki gen yon papa brezilyen oswa manman brezilyèn, yo pral konsidere li brezilyennatif, depi li:

1. Anrejistre nan yon biwo konsila brezilyen; oswa
2. Vini abite nan Brezil e chwazi, nan nenpòtmoman, apre li fin rive nan laj majorite, nasyonalite brezilyen, atravè Aksyon Chwa Nasyonalite devan Jistis Federal la.




help.acnur.org/brazil

@ACNURBrasil /company/acnur-brasil
@ACNURBrasil /ACNURBrasil
@ACNURBrasil /@acnur-brasil
@ACNURBrasil

KISA Natiralizasyo YE?

Se yon aksyon kote yon moun ki pa fèt nan Brezil jwenn, volontèman, nasyonalite brezilyen, depi li satisfè kondisyon yo etabli nan lwa, dekret ak règ yo.

APRANN PLIS →



Kijan pou mande natiralizasyon?



Pwosesis natiralizasyon an fèt atravè platfòm **Naturalizar-se**

Aksede sou sit Gouvèman Federalla atravè lyen bit.ly/4720coo oswa pa eskanèkòd QR ki bò kote a

Sou platfòm nan, ou ka anrejistre enfòmasyon ou yo, ranpli fòmilè demann natiralizasyon an dapreopsyon ou chwazi(òdinè, eksepsyonèl, pwovizwaoswa definitiv), ajoute dokiman ki nesèsè yo, epi resevwa notifikasyon sou pwogrè pwosesis la, oswa si ou bezwen ajouteplis enfòmasyon.

Apre analiz ak apwobasyon dokiman yo, li pral nesèsè pou pran yon randevou pou ale nan Polis Federal la pou prezantedokiman orijinal yo epi fè koleksyon biyometria.

Sèvis la **gratis** epi desizyon sou pwosesis natiralizasyon an ap pibliyen an Jounal Ofisyèl Nyon an (Diário Oficial da União).

Ki prensipal kalite natiralizasyon yo epi kiyès ki ka mande l?

Òdinè

Pou moun refijye ak imigran ki gen plis pase 18 ane epi ki gen **rezidans pou yon peryòd endefini nan Brazil depi omwen 4 ane***.

LÒT KONDISYON

- Kapasite pou kominike nan lang pòtoprens;
- Pa gen kondanasyon penal oswa prè reabilitasyon.

* Vwayaj esporadik ale nan lòt peyi (total la pa ka depase 90 jou pa ane ak 12 mwa an total) pa anpeche konte peryòd tan pou natiralizasyon.

* Tan sa a diminye a 1 an si moun refijye oswa imigran an gen yon pitit brezilyen oswa si li marye/ki nan yon inyon estab ak yon brezilyen.

Ekstraòdinè

Pou refijye ak imigran ki gen plis pase 18 an ak rezidans pou yon peryòd de tan endetèmine nan Brazil pou **plis pase 15 ane san entèripsyon**, eksepte vwayaj sporadik.

LÒT KONDISYON

- Pa gen kondanasyon penal oswa prè reabilitasyon.

Pwovizwa

Pou timoun ak adolesanrefijye ak imigran ki te jwenn rezidans pou yon peryòd endefini nan Brazil anvanyo rive 10 ane.

Pou timoun refijye, yo pran an kont laj li jwen demann pou rekonèt kondisyon refijyea, se pa laj deklarasyon estati pa Conare.

LÒT KONDISYON

- Li nesèsè pou moun ki reprezante legalmantimoun nan oswa adolesan an fè demannnatiralizasyon pwovizwa.

Natiralizasyon pwovizwa a ka tounen definitiv si moun nan mandesa nan peryòd de 2 an apre li rive nan laj majorite.

Kijan pou pwouve ke mwen gen rezidans nan Brazil pou yon peryòd endefini?



Pou kondisyon sa a pou li respekte, yo konte peryòd ant dat moun nan te kòmanse rezide nan Brazil pou yon peryòd endefini (sa vle di, rezidans ki pa tanporè oswa pwovizwa) ak dat demann natiralizasyon an.

Kont dlo, kouran, telefòn ak kat travay se egzanp dokiman ki yo aksepte pou pwouve kantite ane rezidans nan Brazil. Kat Enskripsyon Nasyonal Migratwa (Carteira de Registro Nacional Migratório (CRNM)) ka itilize tou pou pwouve rezidans pou yon peryòd endefini.

ATANSYON Pou moun refijye yo, tan yo konte soti nan demann pou rekonèt kondisyon refijye a (soti nan premye Pwotokòl Refij) li pa soti nan dat yo te deklare estati yo pa Conare oswa CRNM.

Koman mwen ka pwouve ke mwen genyen kapasite pou kominike nan lang Pòtigè?



Ou dwe prezante kèk dokiman ki nan lis nan atik 5 nan Òdonans n° 623 ki soti 13 novanm 2020, tankou sètifika konpetans yo jwenn atravè egzamen CELPE-BRAS oswa ki bay pa yon enstitisyon edikasyon siperyè ki akredite pa Ministè Edikasyon an.

Yo aksepte tou prè ak/oswa diplòm fini lekòl fondamantaloswa segondè atravè Egzamen Nasyonal pou Sètifikasyon Konpetans Jèn ak Granmoun (Exame Nacional para Certificação de Competências de Jovens e Adultos – ENCCEJA), ansanm ak diplòm edikasyon siperyè oswa pòs-gradyasyon ki fèt nan Brazil.

Kijan pou mwen pwouve ke mwen pa gen kondanasyon penal oswa kriminel, oswa ke mwen reabilite?

- Sètifika dosye kriminel ki bay pa Jistis Federal ak Jistis Eta nan kote ou te rete nan Brazil pandan kat dènye ane yo;
- Sètifika dosye kriminel oswa dokiman ekivalan ki soti nan peyi orijin ou, legalize oswa apostile, epi tradui nan Brazil pa yon tradiktèpiblik ofisyèl."

ATANSYON Moun ki refijye yo pa bezwen prezante dosye kriminel nan peyi orijinyo.